**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚОҢЫРАТ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ**

**ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚЎНҒИРОТ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ**

№ 1297/11-1 « 9 » ноябрь 2018-ж.й

**Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси, 1998 йил 5-6-сон, 97-модда)ның 17-статьясы, "Өзбекстан Республикасында нәгиранларды социаллық қорғаў ҳаққында"ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 29-30-сон, 277-модда)ның 25-статьясы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-декабрьдеги 965-санлы қарары менен тастыйықланған "Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже" (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 34-сон, 333-модда)ге тийкарланып социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын Қоныратрайонында 2019-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде,

**Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:**

1. Өзбекстан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызамның 17-статьясына тийкарланып социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын райондағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мекемелер ушын жумысшылардың дизим бойынша орташа санынан 15.584 адамды қурайтуғын 3,8 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) 14-жасқа шекем ҳәм нәгиран балалары болған жалғыз хам көп балалы ата-аналар ушын 25 пайыз - 58 адам;

б) Улыўма орта арнаўлы, кәсип-өнер тәлими мекемелерин мәмлекетлик грантлары бойынша тәлим алған питкериўшилер ушын 48,5 пайыз - 115 адам;

в) Мүддетли әскерий хызметин өтеген ҳәм Өзбекстан Республикасы Қураллы кушлер мүддетли әскерий хызметтен босатылған шахслар ушын 13,0 пайыз – 31 адам;

г) нәгиранлар ушын 3,0 пайыз – 8 адам;

д) Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын 1,6 пайыз - 4 адам;

е) Жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына көре медициналық характердеги мәжбүрий иләжлар көрилген шахслар ушын 8,0 пайыз – 19 адам,

ж) Адам саўдасы қурбанлары ушын 1,2 пайыз – 3 адам жумыс орынлары резерви белгиленсин.

2. Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша дүзилген арнаўлы комиссия қурамы 2-қосымшаға тийкар тастыйықлансын.

3. Кәрхана ҳәм мекемелер басшыларына социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыс пенен тәмийинлеў ушын 2018-жыл жуўмақланыўынан 10 күн алдын квота жумыс орынлары улыўма муғдарының кеминде 25 пайызы ушын, 2019-жылдың 10-апрелинен кешикпей жумыс орынларының қалған бөлеги 75 пайызын қураў (ажыратыў яки бәнт етип қойыў) ҳаққындағы, яғный ҳәр бир квота тайпасы бойынша жумыс орынлары бәнт етип қойылатуғын кәсиплер ҳәм лаўазымлар, қәнийгеликлер кесиминдеги мағлыўматларды ҳәм шешим бойынша шығарылған буйрық нусқаларын районлық Бәнтликке көмеклесиў орайына усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Кәрхана ҳәм мекемелер басшылары социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-декабрьдеги 965-санлы қарары менен тастыйықланған "Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже"ге муўапық, белгиленген мүддетлерде ҳәм тәртипте жаратылыўын (ажыратылыўын яки бәнт етип қойылыўын) ҳәмде жумыс орынлары санитария гигиена нормаларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынлаўын тәмийинлейтуғын мийнет шәраятларына муўапық болыўын тәмийинлесин.

5. Усы шешим талаплары орынланбаған жағдайда мекеменің лаўазымлы шахсларына "Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже"ниң 15-бәнтине муўапық жәрийма салынады.

6. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-декабддеги 965-санлы қарары менен тастыйықланған "Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў ҳаққындағы Реже"ге тийкар социаллық

қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын бәнт етип қойылатуғын жумыс орынларын район ҳәкими тәрепинен белгиленген муғдардан артықша шөлкемлестирген мекемелер усы жумыс орынларын шөлкемлестириўге сарыпланған қаржылардың бир бөлегин районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы менен дүзилген шәртнама тийкарында Бәнтликке көмеклесиў қоры қаржылары есабынан қаплаў ҳуқықына ийе екенликлери есапқа алынсын.

7. Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы (Н.Нуржанов) усы шешимди тийисли кәрхана ҳәм шөлкем басшыларына жеткерсин ҳәмде оның орынланыўы устинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

8. Қоңырат районы ҳәкиминиң 2018-жыл 11-январьдағы "Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында»ғы 16/1-санлы «Қоңырат ҳақыйқаты» газетасының 2018-жыл 31-январь күнги 3(7124)-санында жәрияланған шешими 2018-жыл 31-декабрь күнинен өз күшин жойытқан деп есаплансын.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары Е.Еденбаевқа жүклетилсин.

10. Бул шешим районлық «Қоңырат ҳақыйқаты» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәмде ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

11. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

**Қоңырат районы**
**ҳәкими:** **Ш.Темирбаев**

Қонырат районы хәкиминиң
2018-жыл « 9 » ноябрь күнги
1297/11-1-санлы шешимине
1-қосымша

**Социаллық қорғаўға мүтәж хәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойыўы лазым болған кәрханалар дизими**

| Т/р | Кәрхана хәм шөлкемлер атлары | Ислеўшилер саны | Квота орынлары | Категориялары | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | А | Б | В | Г | Д | Е | Ж |
| 1 | Қонырат сода заводы УК | 1742 | 8 | 5 | 1 | | 1 | 1 | | |
| 2 | Устюртгаз ЖШЖ | 505 | 6 | 2 | 1 | 1 | | 1 | 1 | |
| 3 | Қонырат ун заводы АЖ | 188 | 6 | 1 | 2 | 1 | 1 | | | 1 |
| 4 | Районлық Абаданластырыў баскармасы | 163 | 6 | 1 | 2 | | | 1 | 2 | |
| 5 | Таза худуд ДУК | 30 | 2 | 1 | | | | | 1 | |
| 6 | Қонырат тоғай хам аншылық хожалығы | 41 | 3 | | | | | | 2 | 1 |
| 7 | Қаракалпақстан Республикасы Жоллардан пайдаланыу УК | 200 | 5 | | 1 | 2 | | | 1 | 1 |
| 8 | Қонырат жоллардан пайдаланыу УК | 60 | 2 | | 1 | | | | 1 | |
| 9 | КРЖУ Кунград региональ узели | 854 | 10 | 3 | 2 | 3 | 1 | | 1 | |
| 10 | Қонырат Вагон депосы (ВЧД-14) | 466 | 5 | 3 | | 1 | | | 1 | |
| 11 | ЭЧ – 10 | 157 | 4 | 1 | 1 | 2 | | | | |
| 12 | Локомотив ДЕПО | 645 | 5 | 3 | | 1 | | | 1 | |
| 13 | ЩЧ-17 | 359 | 4 | 2 | 1 | 1 | | | | |
| 14 | ПМС-279 | 314 | 6 | 3 | 1 | 1 | | | 1 | |
| 15 | ПЧ-25 | 456 | 5 | 1 | 2 | 1 | | | 1 | |
| 16 | ПЧ-26 | 307 | 5 | 2 | 1 | 2 | | | | |
| 17 | Узжелдорпасс ОАО Приаралскому филиал | 351 | 3 | 2 | | 1 | | | | |
| 18 | Устюрт темир йул обод п/х | 56 | 2 | 1 | | 1 | | | | |
| 19 | ТЖ емлеуханасы | 223 | 2 | 1 | 1 | | | | | |
| 20 | ТЖ СЭС | 46 | 1 | | 1 | | | | | |
| 21 | ТЖ Санатория профилактор | 63 | 1 | | 1 | | | | | |
| 22 | УУРБ | 1044 | 14 | 4 | 4 | 4 | | 1 | 1 | |
| 23 | Устюртгазпромстрой ЖШЖ | 236 | 3 | 1 | | 1 | | | 1 | |
| 24 | Кунград УТВС | 180 | 5 | 3 | 1 | 1 | | | | |
| 25 | Кунгирот МГТБ | 412 | 6 | 3 | 1 | 1 | | | 1 | |
| 26 | Акшолак МГТБ | 188 | 5 | 1 | 1 | 2 | | | 1 | |
| 27 | Тулей МГТБ | 330 | 5 | 1 | 1 | 2 | | | 1 | |
| 28 | Каракалпак МГТБ | 296 | 5 | 2 | 1 | 1 | 1 | | | |
| 29 | Ирригация болими | 87 | 3 | | 1 | 1 | | | 1 | |
| 30 | 10-санлы Есемурат Жырау атындағы БМКОМ | 49 | 2 | 2 | | | | | | |
| 31 | Районлық маденият болими | 36 | 2 | 2 | | | | | | |
| 32 | Нефть хам газ санааты КОК | 181 | 1 | | 1 | | | | | |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 33 | Коныpат санаат КОК | 110 | 1 | | 1 | | | | | |
| 34 | Коныpат ауыл-хожалык хам курылыс КОК | 69 | 1 | | 1 | | | | | |
| 35 | Коныpат медицина колледжи | 73 | 1 | | 1 | | | | | |
| 36 | Коныpат Химия санааты КОК | 96 | 1 | | 1 | | | | | |
| 37 | Районлык Медицина бирлеспеси (ЦРБ) | 1195 | 12 | 7 | 6 | | 4 | | | |
| 38 | Районлык 4 санлы районлар ара силге карсы гуресиу емлеуханасы | 58 | 3 | 2 | 1 | | | | | |
| 39 | Районлык СЭБО (СЭС) | 124 | 2 | | 2 | | | | | |
| 40 | Районлык Халык билимлендириу болими | 57 | 2 | | 2 | | | | | |
| 41 | Баркамол авлод балалар орайы | 46 | 1 | | 1 | | | | | |
| 42 | 1-санлы орта мектеп | 65 | 1 | | 1 | | | | | |
| 43 | 2-санлы орта мектеп | 75 | 1 | | 1 | | | | | |
| 44 | 3-санлы орта мектеп | 60 | 1 | | 1 | | | | | |
| 45 | 4-санлы орта мектеп | 37 | 1 | | 1 | | | | | |
| 46 | 5-санлы орта мектеп | 66 | 1 | | 1 | | | | | |
| 47 | 6-санлы орта мектеп | 60 | 1 | | 1 | | | | | |
| 48 | 7-санлы орта мектеп | 92 | 1 | | 1 | | | | | |
| 49 | 8-санлы орта мектеп | 44 | 1 | | 1 | | | | | |
| 50 | 9-санлы орта мектеп | 23 | 1 | | 1 | | | | | |
| 51 | 12-санлы орта мектеп | 39 | 1 | | 1 | | | | | |
| 52 | 13-санлы орта мектеп | 25 | 1 | | 1 | | | | | |
| 53 | 14-санлы орта мектеп | 53 | 1 | | 1 | | | | | |
| 54 | 15-санлы орта мектеп | 42 | 1 | | 1 | | | | | |
| 55 | 17-санлы орта мектеп | 22 | 1 | | 1 | | | | | |
| 56 | 18-санлы орта мектеп | 54 | 1 | | 1 | | | | | |
| 57 | 20-санлы орта мектеп | 40 | 1 | | 1 | | | | | |
| 58 | 21-санлы орта мектеп | 41 | 1 | | 1 | | | | | |
| 59 | 22-санлы орта мектеп | 33 | 1 | | 1 | | | | | |
| 60 | 31-санлы орта мектеп | 87 | 1 | | 1 | | | | | |
| 61 | 32-санлы орта мектеп | 52 | 1 | | 1 | | | | | |
| 62 | 33-санлы орта мектеп | 60 | 1 | | 1 | | | | | |
| 63 | 35-санлы орта мектеп | 105 | 1 | | 1 | | | | | |
| 64 | 36-санлы орта мектеп | 144 | 1 | | 1 | | | | | |
| 65 | 37-санлы орта мектеп | 113 | 1 | | 1 | | | | | |
| 66 | 38-санлы орта мектеп | 94 | 1 | | 1 | | | | | |
| 67 | 39-санлы орта мектеп | 90 | 1 | | 1 | | | | | |
| 68 | 40-санлы орта мектеп | 71 | 1 | | 1 | | | | | |
| 69 | 41-санлы орта мектеп | 45 | 1 | | 1 | | | | | |
| 70 | 42-санлы орта мектеп | 45 | 1 | | 1 | | | | | |
| 71 | 43-санлы орта мектеп | 94 | 1 | | 1 | | | | | |
| 72 | 44-санлы орта мектеп | 43 | 1 | | 1 | | | | | |
| 73 | 46-санлы орта мектеп | 45 | 1 | | 1 | | | | | |
| 74 | 47-санлы орта мектеп | 109 | 1 | | 1 | | | | | |
| 75 | 48-санлы орта мектеп | 97 | 1 | | 1 | | | | | |
| 76 | 48-санлы арнаулы мектеп | 36 | 1 | | 1 | | | | | |
| 77 | 52-санлы орта мектеп | 56 | 1 | | 1 | | | | | |
| 78 | 53-санлы орта мектеп | 110 | 1 | | 1 | | | | | |
| 79 | 54-санлы орта мектеп | 123 | 1 | | 1 | | | | | |

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 80 | 55-санлы орта мектеп | 50 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 81 | 56-санлы орта мектеп | 52 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 82 | 1-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 26 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 83 | 2-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 29 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 84 | 3-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 27 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 85 | 4-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 33 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 86 | 5-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 38 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 87 | 6-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 24 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 88 | 7-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 32 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 89 | 8-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 51 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 90 | 9-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 36 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 91 | 10-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 28 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 92 | 11-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 25 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 93 | 12-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 29 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 94 | 13-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 31 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 95 | 14-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 34 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 96 | 15-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 35 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 97 | 16-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 29 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 98 | 17-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 29 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 99 | 18-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 33 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 100 | 19-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 31 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 101 | 20-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 51 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 102 | 21-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 23 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 103 | 22-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 29 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 104 | 23-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 21 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 105 | 24-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 35 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 106 | 25-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 35 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 107 | 26-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 23 | 1 | | 1 | | | | | | |
| 108 | 27-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 25 | 1 | | 1 | | | | | | |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 109 | 29-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 28 | 1 | | 1 | | | | | |
| 110 | 30-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси | 29 | 1 | | 1 | | | | | |
| **110** | **Жами:** | **15584** | **237** | **58** | **115** | **31** | **8** | **4** | **19** | **3** |

***Түсиндириў:**

**А** -14-жасқа шекем ҳәм нәгиран балалары болған жалғыз ҳәм көп балалы ата-аналар ушын;

**Б** – Улыўма орта арнаўлы, кәсип-өнер тәлими мекемелерин мәмлекетлик грантлары бойынша тәлим алған питкериўшилер ушын;

**В** – Мүддетли әскерий хызметин өтеген ҳәм Өзбекстан Республикасы Қураллы кушлер мүддетли әскерий хызметтен босатылған шахслар ушын;

**Г** – Нәгиранлар ушын;

**Д** – Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын;

**Е** – Жазаны орынлаў мекемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына көре медициналық характердеги мәжбүрий иләжлар көрилген шахслар ушын;

**Ж** – Адам саўдасы қурбанлары ушын;

Қоңырат районы ҳәкиминиң
2018-жыл « 9 » ноябрь күнги
1297/11-1-санлы шешимине
2-қосымша

**Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыска орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойыўды ҳәм оларды жумыс пенен тәмийинлеўди шөлкемлестириў бойынша арнаўлы комиссия қурамы**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Е.Еденбаев | - | Район ҳәкиминиң биринши орынбасары, комиссия баслығы |
| 2. | Ж.Аметова | - | Район ҳәкиминиң орынбасары, районлық ҳаял-қызлар комитети баслығы, комиссия баслығының орынбасары |
| 3. | Н.Нуржанов | - | Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры, комиссия хаткери |
| 4. | З.Ибрагимов | - | Районлық аймақларды комплекс раўажландырыў бөлими баслығы ў.а, комиссия ағзасы |
| 5. | А.Мамутов | - | Өзбекстан Жаслар аўқамы районлық Кеңеси баслығы, комиссия ағзасы |
| 6. | А.Нурманов | - | Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары жумысларын муўапықластырыў бойынша районлық Кеңеси баслығының биринши орынбасары, комиссия ағзасы |
| 7. | Т.Аминов | - | Қоңырат районы Қаржы бөлими баслығы, комиссия ағзасы |

**Еслетпе:** Комиссия ағзаларының лаўазымы өзгерген жағдайда, оның орнына сол лаўазымға тайынланған ямаса ўазыйпасын атқарыў жүклетилген шахслар киритиледи.